# HAYAL-QIZLAR DÓRETIWSHILIGINDE INTERMEDIA JANRÍ

***Qádirniyazova Nargiza Keńesbay qızı***

*Berdaq atındaǵı QMU magistrantı*

*elek.poch nargizaqadirniyazova@icloud.com*

**Annotaciya.** Maqalada qaraqalpaq ádebiyatı hám dramaturgiyasında hayal-qızlar doretiwshiliginiń ornı, ásirese, intermedia janrınıń rawajlanıw ózgeshelikleri analizlenedi. Hayal-qızlar dramaturgiyasındaǵı intermedia janrınıń sociallıq-psixologiyalıq áhmiyeti hám milliy koloriti ashıp berilgen.

**Gilt sózler.** Hayal-qızlar doretiwshiligi, intermedia janrı, qaraqalpaq dramaturgiyası, kórkemlik izlenis, saxna shıǵarması, syujet hám xarakter.

Qaraqalpaq dramaturgiyasında kishi dramalıq janrlar ishinde intermediyalar, yumor-satiralıq miniyaturalar, pantamima, kven-shoulardıń tamashaları jiyi qollanıladı. Basqa kishi dramalıq janrlar biziń milliy dramaturgiyamızda jeterli dárejede rawajlanbaǵan. Biziń pikirimizshe, kishi dramalıq janrlar búgingi globalasqan jámiyette insanlar ushın eń zárúrli mádeniy azıq bola aladı. Sol sebepli de teatrlarımızda usınday shıǵarmalardı tamashagóyler názerine usınıwımız lazım.

Intermediya latınsha intermediug – eki nárse aralıǵında degendi ańlatadı. Komediyalıq qásiyetke iye shaǵın ǵana piesa. Intermediya Batıs Evropa ádebiyatında XV ásirde payda bolıp, úlken kólemli piesalardıń yamasa operalardıń aralıǵındaǵı tánepislerde saxnada kórsetilgen. Intermediya tánepiste jańa saxna dúzetkenshe tamashagóylerdi zeriktirmew ushın xızmet etken. Intermediyalar házirde úlken oyın-zawıqlarda, koncertlerde kórsetiledi[1].

Intermediya – kúndelikli ómirdiń qarapayım kórinislerin yumor menen, jeńil kúlki jolı menen beretuǵın dramalıq epizod. Bul shıǵarma kólemi jaǵınan úlken

[1] Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994. 86-бет.

bolmasa da, sol jerdegi belgili bir máselelerge názer awdartatuǵın, obrazlardıń minezin ashıp beretuǵın, xızmetlik ortadaǵı qarım-qatnastıń qanday bolıwın kórsetetuǵın mánisi joqarı shıǵarma.

Qaraqalpaq dramaturgiyasında da intermediya janrınıń az da bolsa rawajlanǵanın kóriwimizge boladı. Hayal-qızlar dóretiwshiliginde Z.Eshmanovanıń «Aljasıq», Dáwletbiyke Sherniyazovanıń «Talapker» intermediyaların atap ótsek boladı.

Z.Eshmanovanıń «Aljasıq» intermediyasında direktor, sekretar, Aybaǵarov obrazları sáwlelengen. Avtor bir ǵana kabinet ishindegi qısqa sóylesiwler arqalı adamlardıń ishki mádeniyatın, olardıń bir-birine bolǵan kózqarasların, jáne de jumıs waqtındaǵı juwapkershilikti kórkem túrde bayanlay alǵan.

Saxnada ilim izertlew institutınıń keńsesi, direktordıń kabineti súwretlenedi. Intermediyada institut direktorı menen onıń sekretarınıń kúndelikli jumıs barısındaǵı áńgimesinen baslanadı. Shıǵarmada direktor menen Aybaǵarov arasındaǵı sóylesiwler tek ǵana xızmetlik áńgime sıyaqlı kóringeni menen, onıń astarında birneshe astarlı máni jatır. Birinshiden, Aybaǵarovtıń miynetkesh, tapsırmanı waqtında orınlaytuǵın, hadal xızmetker ekenligi bayqaladı. Direktor onıń jumısın maqtap, soǵan súyenetuǵını sezilip tur. Bul jerde avtor usı jumıs ornında haqıyqıy miynettiń bahalanıwı kerek ekenligin boljaydı.

Ekinshiden, dialoglardaǵı jeńil kúlki, ortadaǵı házil-kúlkiler adamlar arasındaǵı rásmiy qatnastıń da insaniylıqqa tolı bolıwı kerekligin kórsetip ótken. Direktordıń da, sekretardıń da ayırım sózlerinen olardıń geyde sharshaytuǵını, geyde kewil kótergisi keletuǵını seziledi. Usı arqalı avtor adamlardı dım rásmiylikke jaqın bolmay, tábiyiy qarapayım insan bolıwǵa shaqıradı.

Úshinshiden intermediyanıń sońındaǵı jay dialoglardıń ózi ómirdiń qarapayım, biraq tábiyiy kórinislerinen qurılǵan. Aybaǵarovtıń kishipeyil, óz isin hadal atqaratuǵın obrazı basqalarǵa úlgi retinde berilgen.

Juwmaqlap aytqanda, Intermediya – kólemi qısqa bolǵanı menen, mazmunı tereń, mánisi joqarı shıǵarma. Avtor kúndelikli xızmet ornında ushırasatuǵın ápiwayı jaǵdaylardı yumor menen adam mineziniń tábiyiy qırların ashıp kórsete alǵan. Direktor, sekretar jáne Aybaǵarov arasındaǵı dialoglar arqalı miynetkeshlik, kishipeyillik, basshı menen jumısshı arasındaǵı mádeniyatlı qarım-qatnas sıyaqlı mánili qatarlar ayqınlastırılıp kórsetilgen.

Shıǵarmanıń negizgi ideyası – bul waqıyadaǵı jaǵdaylardı rawajlandıratuǵın tábiyiy kúsh miynetkeshlikte, hadallıqta jáne adamgershilikte ekenligin tanıtıw. Aybaǵarov obrazı arqalı avtor miynetkesh adamnıń qádirin kóterse, direktor obrazı arqalı usınday unamsız jaǵdaylardı kórsete alǵan.

Dáwletbiyke Sherniyazovanıń «Talapker» intermediyası «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasında 1983-jıl 12-fevralda basılıp shıqqan. Atap aytqanda, «Talapker» dep atalǵan úlken bir intermediya (satiralıq hám házil aralas qısqa pyesa yaki saxnalıq kórinis) berilgen.

Biz, bul intermediya arqalı sol dáwirdegi ashshı haqıyqatlıqlardıń kúlki jolı arqalı beriliwin kóriwimizge boladı. Bunda Talapker Tańabaeva, kúyewi Alımbaeva hám sudya obrazları qatnasadı. Talapker Tanabaevanıń sudyaǵa barıp, kúyewim menen ajırasaman dep, toqlıqqa shoqlıq qılıwları, hesh sebepsiz ajırasıwǵa barǵanları ashıq aydın súwretlengen.

Intermediyanıń baslı qaharmanı - Talapker Tanabevanıń obrazı unamsız obraz sıpatında berilip, avtor bunda qaharmannıń ápiwayı zatlardan jır tawıp, kúyewi menen ajıraspaqshı bolǵanlıǵın, keynin oylamay is tutıp atırǵanlıǵın, ortada balalarınıń jetim qalıwın oylamay aqılsızlıq penen is tutıp atırǵanlıǵın yumor jolı arqalı bere alǵan.

Kúyewi Alımbaev – bolsa unamlı obraz sıpatında, aqıl toqtatqan, hámme zattıń parqına bara alatuǵın, aqıllılıq penen is tutatuǵın, keynin oylaytuǵın, háyelin húrmetlep, sıylap biletuǵın, kerek jerinde qol kómegin ayamaytuǵın, hárdayım qollap quwatlap turıwshı – ómirlik joldas sıpatında sáwlelengen.

Sudya da intermediyada jaqsı obraz sıpatında beriledi. Sudya Talapkerdiń sebepsiz ajırasıwǵa kelgenligin túsinip, olardıń qayta jarasıp ketiwi ushın olardı qaytarıp, ajırastırmay jiberedi. Biz, bul gáplerdiń dáliyli sıpatında tómendegi dialoglarda kórsetilgenligin kóriwimizge boladı.

**Talapker:** Áperseń!

**Sudya:** (Ornınan turadı). Boldı, joldas Tanabaeva, bolar-bolmas arzańız benen qanshama qımbatlı waqıttı bosqa alǵanıńızdı bilesiz be? Uyalmaysız ba, aqırı! Barıń jaqsılap oylanıp kóriń. Bálkim, menshik mashinasız-aq turmıs qurıp turıwǵa bolatuǵın shıǵar!... Talapkermish![2]

Kishi dramalıq janrlar búgingi dáwirde úlken talapqa iye. Óytkeni, insan waqıttan únemli paydalanıw maqsetinde, tezlikke beyimlesip barmaqta. Sol menen birge, qısqalıq kórkem shıǵarmanıń sapasın, onıń kórkemligin asırıwǵa járdem beredi. Sonlıqtan, kishi dramalıq janrlar jámiyetimizde úlken morallıq tárbiyalawshılıq xarakterine iye.

Kishi dramalıq janrlar házirgi kúndegi háreketsheń dramalıq janrlar bolıp, olar insanlarǵa az waqıt ishinde kóp ruwxıy tárbiya bere aladı.

Juwmaqlastırıp aytqanda, kishi dramalıq janrlar kórkem ónerdiń ajıralmas bólegi bolıp, dramaturgiya tarawında ayrıqsha ornına iye. Óytkeni, bul janrlar teoriyalıq jaqtan da, talap jaǵınan da jaqsı sıpatlamaǵa iye.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994.
2. Palımbetova M. Ǵárezsizlik dáwiri qaraqalpaq dramaturgiyası (ideya-tematika, janrlar, obrazlar). Tashkent, 2023-jıl.

[2] Sherniyazova D. Talapker (intermediya). Erkin Qaraqalpaqstan, 1983-jıl, 12-fevral, 4-bet.

3. Eshmanova Z. Aljasıq (intermediya). Erkin Qaraqalpaqstan, 1984-jıl, 1-dekabr.
4. Sherniyazova D. Talapker (intermediya). Erkin Qaraqalpaqstan, 1983-jıl, 12-fevral.